



**Depatman Konsèvasyon ak Lwazi  
Commonwealth nan Massachusetts**

**Reyinyon Piblik Faz 3 Memorial Drive  
Jedi 30 jen 2022, soti 6 p.m. rive 7:30 p.m.**

Enskri isit la : [https://zoom.us/webinar/register/WN\\_TtiSWD86SKGcpBZWliBlqg](https://zoom.us/webinar/register/WN_TtiSWD86SKGcpBZWliBlqg)

Objektif prensipal Faz 3 pwojè Memorial Drive la se bay amelyorasyon pou moun kap mache apye yo epi sou bisiklèt yo epi amelyore teren Plas yo pou ranfòse Memorial Drive la kòm yon ekipman lwazi ak yon koulwa enpòtan pou bisiklèt yo ak moun kap mache apye yo. Limit Faz 3 pwojè Memorial Drive la soti nan ri JFK (sa vle di Pon Anderson lan) rive sou Pon Eliot Cambridge lan.

Pwojè a gen ladann rekonstriksyon epi fè vin pi piti Memorial Drive (sa vle di yon rejim wout la) pou reyalize yon seksyon transvèsal 26 pye lajè, konstriksyon yon nouvo chemen ki gen plizyè itilite 10 pye lajè ak yon chemen total 5 pye lajè, (2) nouvo pasaj pou moun ki ap mache apye ak sou bisiklèt, repare espas pou moun ki ap mache apye yo sou bò nò Parkway la, pwoteksyon pye bwa plat Londres yo ak resous kiltirèl yo, ak amelyorasyon Plas bò Rivyè Charles la. Anplis de sa, yo pwopoze gwo amelyorasyon nan sistèm jesyon dlo lapli pou amelyore kalite dlo lapli ki tonbe nan rivyè Charles la.

Sijè ki pral diskite pandan reyinyon piblik sa ap fèt nan lòd sa :

- 25% konsepsyon revize.
- Analiz altènativ yo
- Pwopozisyon pou fèmèn wout Gerry's Landing Road ak koneksyon ak Memorial Drive la
- Pyebwa amenajman peyizaj plat London
- Koupe transvèsal tipik projè a
- Sistèm jesyon dlo lapli
- Mizajou sou pèmi ak orè pwojè yo

Yo pral envite piblik la tou pou bay kòmantè li apre reyinyon an, dat limit pou resevwa DCR a se 21 jiyè 2022. Ou ka fè kòmantè yo sou entènèt nan <https://www.mass.gov/forms/dcr-public-comments>. Tanpri sonje ke kòmantè piblik yo soumèt bay DCR a ka afiche sou sitwèb DCR la nan tout entegralite, epi pa gen okenn enfòmasyon, ki gen ladan enfòmasyon pèsònèl, ki kapab redije.

Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan ajans lan oswa ou ta renmen ajoute nan yon lis adrès pou resevwa anons jeneral oswa anons espesifik nan men DCR, tanpri voye yon imèl nan [Mass.Parks@mass.gov](mailto:Mass.Parks@mass.gov) oswa rele 617-626-4973.

Sèvis tradiksyon Espanyòl, Fransè Kreyòl, Chinwa Mandaren ak Chinwa Cantonèz disponib pou reyinyon an. Tanpri mande sèvis tradiksyon anvan Vandredi 24 jen an pandan w ap kontakte Michael Paiewonsky nan (339) 203-1952, oswa [michael.paiewonsky@stantec.com](mailto:michael.paiewonsky@stantec.com).

Akomodasyon rezonab pou moun ki andikape yo disponib pou moun ki bezwen. Tanpri mete yon deskripsyon ou pral bezwen an, bay plis detay ke posib. Endike tou kijan nou ka kontakte w si nou bezwen plis enfòmasyon. Tanpri pèmèt omwen de semèn avi. Yo pral aksepte moun ki mande nan dènye minit yo, men nou ka pa kapab satisfè yo. Tanpri voye yon imèl Melixza G. Esenyie, responsab ADA ak Divèsite nan Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an, nan [Melixza.Esenyie2@mass.gov](mailto:Melixza.Esenyie2@mass.gov) oswa rele nan 617-872-3270.

Swiv nou sou Twitter nan [#MassDCR](https://twitter.com/MassDCR).